Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE ADMINISTRASYON TRUMP LAN SISPANN RETIRE FINANSMAN POLIS LA EPI BAY 87 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU KONBAT TEWORIS KE YO TOUJOU DWE NOUYÒK

Administrasyon Trump la te koupe finansman kont teworis Nouyòk la yon fason san reflechi pa 187 milyon dola ane pase a

Prezidan Trump te pwomèt pou l retabli tout finansman Eta Nouyòk la apre defans san pran souf ak demach dirèk Gouvènè Hochul te fè yo

Men, Administrasyon Trump la te sèlman retabli 100 milyon dola - sa ki te kite Nouyòk san 87 milyon dola nan finansman vital pou lite kont teworis

Finansman an sipòte dirèkteman operasyon entèlijans, sekirite sant transpò piblik la, ansanm ak acha ekipman, fòmasyon ak efò preparasyon pou konte yo, cherif yo ak depatman lapolis yo

Gouvènè Kathy Hochul te mande Prezidan Trump ak Sekretè Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) Markwayne Mullin, jodi a pou finanse nèt efò kont teworis Nouyòk yo lè yo libere 87 milyon dola nan fon federal ke yo toujou dwe Nouyòk. Ane pase, Administrasyon Trump lan koupe finansman enpòtan pou lite kont teworis ak sekirite enteryè nan Eta Nouyòk a 86% oswa 187 milyon dola. Gouvènè Hochul te konbat rediksyon san reflechi sa a lè li te fè apèl dirèkteman ak Prezidan Trump, ki te pwomèt pou retabli finansman Eta Nouyòk la nèt. Apre prèske yon ane ap tann, yo toujou dwe Eta Nouyòk 87 milyon dola pou sipòte operasyon entèlijans, sekirite sant transpò piblik, ak ekipman, fòmasyon, ak preparasyon pou cherif ak depatman lapolis yo atravè eta a.

"Lè Administrasyon Trump la kenbe finansman sa a an otaj, li ap retire finansman lapolis la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta Nouyòk kontinye rete sib nimewo en pou teworis nan peyi a – epi si Prezidan Trump ak Sekretè Mullin vrèman gen sousi pou sekirite piblik la, yo ta dwe sispann jwe jwèt epi finanse nèt efò vital nou yo kont teworis."

Finansman an, ki soti nan Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) atravè Pwogram Sibvansyon Sekirite Enteryè (Homeland Security Grant Program, HSGP) li a, sipòte lapolis lokal yo ak efò preparasyon sekirite

entèn rejyonal yo, tankou operasyon entèlijans, sekirite rasanbleman an mas, planifikasyon, acha ekipman, ak fòmasyon ki enpòtan pou soutni ak amelyore kapasite prevansyon, pwoteksyon, repons ak rekiperasyon kominotè a. Yo te kreye HSGP an 2003 apre 11 septanm epi li gen ladan twa sibvansyon separe — Pwogram Sekirite Enteryè Eta a (State Homeland Security Program), Inisyativ Sekirite Zòn Iben (Urban Area Security Initiative, UASI) ak Operasyon Stonegarden (Operation Stonegarden Grant Program) Nan kad SHSP ak UASI, yo alwe 80 pousan nan finansman an bay antite lokal yo pandan 20 pousan rezève pou pwojè eta yo. Eta Nouyòk te resevwa rediksyon nan alokasyon SHSP ak UASI li yo.

Apre yon reta pwolonje an 2025, DHS te pibliye Avi Opòtinite Finansman 2025 la pou HSGP a, sa ki bay eta yo kapasite pou jwenn aksè ak finansman esansyèl sa a. Sepandan, malgre li se sib nimewo en teworis yo nan peyi a, alokasyon Nouyòk la te diminye pa 40 pousan (87 milyon dola). Apre sa, san avètisman ni eksplikasyon, yo te koupe 100 milyon dola anplis pou Nouyòk lè DHS te bay sibvansyon yo nan dat 27 septanm 2025. Apre Gouvènè Hochul te fin defann dosye sa a avèk anpil pèsistans, Prezidan Trump te pran angajman pou l anile rediksyon sa yo nan mwa oktòb 2025. Lè sa a, li te deklare sou Truth Social li te "...kontan fè konnen li te anile rediksyon yo te fè nan finansman pou Sekirite Enteryè ak pou konbat teworis nan Vil ak nan Eta Nouyòk. Se te yon onè [pou li] pou l fè sa. Mèsi pou atansyon ou sou zafè sa a!" Prèske yon ane apre, Eta Nouyòk sèlman resevwa 100 milyon dola nan montan ke yo dwe a apre yon lòd yon jij federal, ak prèske 87 milyon dola ki poko peye.

Espesyalman, aksè ak 87 milyon dola ki rete yo ta asire finansman konplè pou:

- Analiz entèlijans ak inite kont teworis NYPD a;
- Kapasite kominikasyon konpatib FDNY a ak kapasite repons radyolojik li yo;
- Gwoup Travay Konjwen Empire Shield la ki responsab prezans Gad Nasyonal Nouyòk la nan sant transpò piblik yo.
- 12 eskwad bonm sètifye nan Eta Nouyòk; epi
- Acha ekipman, fòmasyon, egzèsis ak efò preparasyon pou konte yo, cherif yo ak depatman lapolis yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta Nouyòk (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services) la, Terry O'Leary, te deklare, "Gouvènè Hochul te fè envestisman rekò nan efò Eta a pou preparasyon ijans ak lit kont teworis, men Eta Nouyòk pa ka fè sa poukont li. Li enpòtan anpil pou gen yon angajman nan men patnè federal nou yo pou konbat teworis lè n ap pale de kapasite preparasyon Eta a, epi nenpòt lòt reta nan finansman konplè efò sa yo ap mete sekirite tout Nouyòkè yo an danje."

Komisè Jesyon Ijans Vil Nouyòk Christina Farrell, te deklare, "Finansman kont teworis la se yon pati enpòtan nan travay sa a, li sipòte entèlijans, fòmasyon, planifikasyon ak kowòdinasyon ki ranfòse preparasyon nou pou ijans atravè vil la. Vil Nouyòk montre plizyè fwa ke nou pare pou nou rankontre moman an, epi nou bezwen

patnè federal nou yo pou yo kenbe angajman yo epi bay resous ki nesesè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Eta Nouyòk kontinye rete sib nimewo en pou teworis nan peyi a epi li fèk sot pase yon ete istorik ak evènman rasanbleman an mas ak koup di mond FIFA a, International Naval Review, selebrasyon America 250, ak kous ak parad chanpyona New York Knicks yo. Sa te mande yon efò preparasyon pou sekirite ak pwoteksyon san parèy an kowòdinasyon avèk otorite Eta a ak Vil la pou asire sekirite tout Nouyòkè ak vizitè yo. Si gouvènman federal la refize finanse tout efò Eta a pou konbat teworis, sa mete planifikasyon, kowòdinasyon ak sekirite alavni an danje.

Rediksyon Finansman UASI
Nan Nouyòk, finansman UASI a rezève pou jiridiksyon ki nan zòn metwopolitèn Vil Nouyòk yo pou soutni ak amelyore pwogram anti-teworis ak pataj entèlijans ki enpòtan anpil yo. Gwoup Travay Zòn Iben Nouyòk la, ki gen ladan Vil Nouyòk (Urban Area Working Group, UAWG), Konte Nassau, Konte Suffolk, Konte Westchester, Vil Yonkers ak Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey, detèmine alokasyon yo.

Estime Rediksyon UASI pa Manm UAWG:

Vil Yonkers	-947,959 dola
Konte Nassau	-947,959 dola
Vil Nouyòk	-55,671,592 dola
Otorite Pòtyè (Port Authority)	-3,814,724 dola
Konte Suffolk	-947,959 dola
Konte Westchester	-947,959 dola
Total	**-63,278,152 dola**

Rediksyon SHSP
Nan Nouyòk, finansman SHSP a ale nan chak konte ak nan Vil Nouyòk pou sipòte planifikasyon, acha ekipman, fòmasyon ak lòt inisyativ sekirite nasyonal yo. Distribisyon finansman yo baze sou fòmil epi asire finansman an ale nan chak konte nan Eta Nouyòk.

###

Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.